

**PENILAIAN AKHIR TAHUN
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VI (Enam)

Hari/ tanggal :
Waktu :

- I. **Wenehana tanda ping (x) ing aksara a, b, c , utawa d sangarepe wangsulan kang ana lembar jawab kang cumawis !**

Kangge no 1 -3 !

Gathotkaca Gugur

Perang Baratayuda Binangun njaluk tumbal nyawa prajurit pirang – pirang. Gugure para prajurit ninggal rasa sedhih, gela , lan getun mungguhe kadang Pandhawa kang nduweni watek welas asih lan seneng tetulung. Ora mung golonganane Pandhawa, golonganane Kurawa lan prajurit negara telukane uga ngraosaken rasa sedhih, gela , lan getun. Kabeh kepengin supaya perang enggal rampung.

1. Kang dadi topik wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Perang Baratayuda Binangun njaluk tumbal nyawa prajurit pirang – pirang.
 - B. Gugure para prajurit ninggal rasa sedhih, gela , lan getun mungguhe kadang Pandhawa.
 - C. Ora mung golonganane Pandhawa, golonganane Kurawa lan prajurit negara telukane uga ngraosaken rasa sedhih, gela , lan getun.
 - D. Kabeh kepengin supaya perang enggal rampung.
2. Tembung “ telukane “ nduweni teges
 - A. kancane
 - B. kadange
 - C. jajahan
 - D. tempat dolane
3. Wateke Pandhawa ana ing wacan ndhuwur yaiku
 - A. Seneng perang
 - B. Seneng sedhih, gela , lan getun
 - C. Seneng murka lan ora seneng tetulung
 - D. Welas asih lan seneng tetulung

Kangge no 4 – 6 !

Ing dina Senin, tanggal 1 Februari ana kecelakaan tunggal ing Jl. Jendral Soedirman. Korbane yaiku Sita lan ibune. Sita lan Ibune saiki dirawat ing rumah sakit amarga tatu ing tangan lan sikile banjur ora isa mlaku.

Motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mebu kali sebelah kidul dalan.

4. Apa kang dialami Sita lan ibune ?

Wangsulan kanggo pitakon ing dhuwur yaiku

- A. Kecelakaan ing arep rumah sakit
- B. kecelakaan tunggal ing Jl. Jendral Soedirman
- C. kecelakaan tabrak lari
- D. kecelakaan tabrakan karo bis

5. Pratélan kang trap karo wacan ing dhuwur yaiku

- A. Ing dina Senin, tanggal 1 Februari ana kecelakaan tunggal ing Jl. Jendral Soedirman.
- B. Kecelakaan akibat supir bis kang ngantuk
- C. Korban kecelakaan yaiku Sinta lan bapake
- D. Tangan lan sikile Sita tugel amarga kecelakaan.

6. Képiwé anggèné Sita lan ibune kecelakaan ?

Wangsulan kanggo pitakon ing dhuwur yaiku

- A. Motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mebu kali sebelah kidul dalan
- B. Motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mebu kali sebelah kidul dalan
- C. Motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mebu kali sebelah kidul dalan
- D. Motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mebu kali sebelah kidul dalan

7. ?sraMev=ps/.

Ukara ing dhuwur yen ditulis latin yaiku

- A. Sarah nggawa pasir.
- B. Carah menyang pasar.
- C. Santi menyang pasar.
- D. Sarah menyang pasar.

Kangge no 8 – 10 !

Bawang Abang lan Bawang Putih

Bawang Putih yaiku bocah wadon kang wis ora duwe bapak lan ibu. Deweke urip karo ibu tirine sing duwe anak wadon kang umure padha karo Bawang Putih. Saben dina Bawang Putih dikongkon nyambut gawe sing abot-abot, umpamane ngangsu nyang sumber sing jaraké adoh seko omah. Bawang Putih ugo dikongkon golek kayu bakar kanggo masak. Nanging Bawang Putih ora tahu ngresula. Bawang Putih nglakoni urip kanthi tabah, sanajan ibu tirine ora adil. Amargo saben dina nyambut gawe mula awake Bawang Putih katon seger lan singset. Rupane ayu tur kulite resik.

Sak wijining dina, Bawang Putih dikongkon ngumbahi ana ing kali. Sak suwene umbah-ubah, Bawang Putih dibantu karo iwak emas ajaib. Saben klambi sing reget dicelupne ana ing kali langsung resik. Mulane Bawang Putih cepet rampung anggane umbah-ubah.

8. Irah – irahan wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Sapa Iwak Mas lan Bawang Putih
 - B. Arane Bawang Putih
 - C. Ibune Bawang Putih
 - D. Bawang Abang lan Bawang Putih
9. Nitik wacan ing dhuwur, kang dadi latar panggonane yaiku...
 - A. Ing umah
 - B. Ing kali
 - C. Ing sumur
 - D. Ing alas
10. Watek ibu tirine Bawang Putih ana wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Jahat
 - B. Ora adil
 - C. Ora sayang anak
 - D. Seneng dandan
11. ?adi[n ani Ir aunT].
Ukara ing dhuwur yen di tulis latin yaiku
 - A. Ani loro untu
 - B. Adhine loro untu
 - C. Adhine Ani loro untu
 - D. Adhi loro untu

Kangge no 12- 13 !

Monggo kito sedaya ngaturaken puji syukur dhumateng Gusti ingkang maha Agung ingkang sampun maringaken sedoyo nikmat lan kewarasan dateng kito sedoyo dumugi sakmeniko kito sedaya saged kempal wonten ing adicara perpisahan sak manika.Kepareng ing kalodhangan punika kulo ngturaken sugeng rawuh menggah karawuhan panjengan tumunten dipunsekecakaken anggenipun lelenggahan.

12. Nitik saka ukarane, pethikan ing dhuwur klebu perangan . . . sesorah.
 - A. Purwaka
 - B. Panutup
 - C. Surasa
 - D. Pengarep – arep
13. Isening perangan sesorah ing dhuwur yaiku
 - A. Salam marang para rawuh

- B. Pamitan marang bapak ibu guru
- C. Ngaturaken syukur dhumateng Gusti ingkang Moho Agung
- D. Nyuwun pangapura awit kaluputane nalika ngucap lan patrape nalika sesorah

Wacan Kangge no 14- 15 !

Awan iku Raka arep dolan ing lapangan, ing dalan ketemu Budi banjur padha omong – omongan. Bocah loro mau omongna tugas basa jawa .

Raka : “Bud, kowe wis nggarap tugas basa jawa?”

Budi : “Lho, aku durung garap ki, tugase ana ing halaman pira?”

Raka : “Sak elingku halaman 128, coba mengko garap bareng ya.”

Budi : “Iya ayo garap saiki ya!”

Raka : “PR e iki bab Basa Krama inggil, mengko aku tak nyuwun tulung diwuruki Simbah.”

Budi : “Wah iya, aku ora apal basa krama inggil.”

Raka : “Lha mulane wis ayo ndang di garap pada sinau bareng.”

14. Isening pacelathon ing dhuwur yaiku

- A. Rencana dolanan bareng
- B. Rencana sinau bareng
- C. Raka goleti mbahe
- D. Budi arep dolan umahe Raka

15. Nitik pacelathon ing dhuwur kang dadi latar wektu Latar wektu ana pacelathon yaiku

- A. Esuk
- B. Sore
- C. Wengi
- D. Awan

Wacan Kangge no 16 – 17 !

Nglatih Diri

Yen dadi siswa menika

Kudu gelem nglatih diri

Ing omah apa sekolah

Dimen bisa entuk ilmu

Ilmu kanggo pasrawungan

Migunani mring sesami

16. Tembung “ migunani “ ana ing geguritan ndhuwur tegese

- A. nuladani
- B. mupangati

- C. nyukupi
- D. nyantuni

17. Kosok baline tembung “ gelem ” ana ing geguritan ndhuwur tegese

- A. olih
- B. manut
- C. sarujuk
- D. emoh

18. ?[bobi suku b[so.

Tembung ing dhuwur yen ditulis latin yaiku

- A. Bibo suku baso
- B. Bibi suku baso
- C. Bobi suku baso
- D. Bobi tumbas baso

Wacan Kanggo no 19 -20 !

Kinanthi

Padha gulangen ing kalbu
Ing sasmitaamrih lantip
Aja pijer mangan nendra
Kaprawiran den kaesthi
Pasunen sariranira
Sudanen dhahar lan guling

19. Tegese tembung “ sasmita “ yaiku

- A. Kandha
- B. Bandha
- C. Tandha
- D. Gandha

20. Paraga wayang iki yaiku . . .



- A. Raden Gathotkaca
 - B. Prabu Kresna
 - C. Adipati Karna
 - D. Werkudara
21. Prabu Kresna rembagan . . . seranganipun Adipati Karna.
Tembung kang trep kanggo njangkepi ukara rumpang ing dhuwur yaiku . . .
- A. akibat
 - B. masalah
 - C. perkara
 - D. perkawis
22. Dina Iki dina Minggu. Aku melu ibu menyang pasar. . . . Dene aku ning mburine numpak pit. Ing kana, ibu mundhut bubur, sate lontong, lan cenil. Sabubare iku, aku lan ibuku bali. Tekan omah, kangmas isih sare ing dhipan. Sabanjure, adhiku nggugah kangmasku. Aku lan adhiku banjur dolan ing omahe Ratna. Dene ibu tindak menyang sawah.
Ukara kang trep kanggo njangkepi wacan ing dhuwur yaiku . . .
- A. Ibu nunggang motor.
 - B. Ibu mlaku karo adhikku.
 - C. Ibu numpak motor.
 - D. Ibu nitih motor.
23. Gatekake pacelathon ing ngisor iki !
Dina esuk Minggu Anang, Bapak, lan Ibu padha resesik omah.
Bapak : “Anang, mrenea! Rewangen Bapak ngresiki plapon iki!”
Anang : “Nggih, Pak! . . . mendhet sapu panjang rumiyin.”
Bapak : “Nang, njupukna andha kanggo ngranggeh panggonang sing reged dhuwur kae!”
Anang : “Nggih, Pak, menika andhanipun.”
Bapak : “Kene, kene, galo regede kaya ngana.”
Anang : “Nggih-nggih Pak! Saenipun seminggu sepisan dipunresiki kok Pak!”

Bapak : “Pancen kudune ngono Nang, mulo suk minggu kerja bakti maneh.”

Anang : “Nggih Pak, benjing kula rencangi!”

Tembung kang trep kanggo njangkepi pacelathon ing dhuwur manut unggah ungguhe tembung yaiku

- A. Kula
- B. Panjengan
- C. Aku
- D. Kowe

24. Gatekna ukara- ukara ing ngisor iki !

- 1. Raden Gathotkaca satria ing Pringgondani
- 2. Satria gagah prakosa, sekti mandraguna
- 3. Ora tedhas tapak paluning pandhe sisaning gurenda, tinatah mendat jinara menter.
- 4. Raden Gathotkaca otot kawat, balung wesi, sumsusm gejala.

Uruten Ukara – ukara ing dhuwur supaya dadi wacan kang trep !

- A. 1 – 2 – 3 - 4
- B. 2 – 3 – 1 - 4
- C. 3 – 4 – 2 -1
- D. 4 – 3 – 2 -1

Wacaen laying iki!

Kanggo ,
Aprilia Jasmine
Ing Semarang

Assalamualaikum Wr.Wb.

. . . . mestine apik-apik wae kan ? puji syukur marang gusti Allah SWT . Aku ing kene uga apik lan sehat .

Piye anggonmu ing pindah sekolah sing anyar ? kanca-kancane apik lan sabar ta ? ojo lali pesenku , tetap semangat lan terus kirim surat , supaya kekancane awak dewe ora pedhot teko semene wae .

Wes yo, liyo dina sambung maning , salam kangen lan sungkemku marang Bapak lan Ibu . Pangapurane sing akeh menawa ana salahe .

Wassalamualaikum Wr.Wb.

Purbalingga , 31 Januari 2020
Kancamu

Ika Rahmawati

25. Ukara kang trep kanggo njangkepi surat ing dhuwur yaiku

- A. Hai Ika, piye kabare ?
- B. Moga kabar kowe lan keluarga sehat.
- C. Hai Aprilia ,piye kabare ?.
- D. Seneng ketemu kowe maning.

26. Gatekna carane nggawe layangan ing ngisor iki !

- (1) Kertas diukur lan digunting pada karo pola sing dikarepake
- (2) Siapaken piranti sing dibutuhake kanggo gawe layangan
- (3) Wilah pring di oroti lan diukur, diwenahi benang
- (4) Pring disigar-sigar dadi tipis dadi wilahan
- (5) Pungkasane banjur dilem rata manut ukuran benang

Urutan carane gawe layangan kang trep yaiku

- A. (2), (4), (3), (1), (5)
- B. (2), (3), (4), (1), (5)
- C. (1), (2), (5), (3), (4)
- D. (3), (4), (1), (2), (5)

27. Tamuné Leli karo aku.

Ukara ing nduwur yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku

- A. tmu[n lelik[roaku
- B. tmu[n [lolik[roaku
- C. tmu[n llik[roaku
- D. tmu[n [llik[roaku

28. Diah menyang pasar.

Ukara ing nduwur yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku

- A. diaaMev=ps/
- B. fiaaMev=ps/
- C. siaaMev=ps/
- D. niaaMev=ps/

Minggu bengi, aku dolan nonton konser musik ing alun-alun karo kanca-kancaku cah papat, Dono, Joko, Andi lan Mardi. Konsere lekas jam wolu rampung jam 10. Aku lan kanca-kanca lunjak-lunjak saking senenge ngrongokane swarane musik band sing lagi nyanyi ing ndhuwur panggung. Kesel ora tak rasakne. Pokoke seneng. Jam sepuluh, konsere wis bubar. Aku lan kanca-kanca banjur leren mangan ing warung karo ngobrol-ngobrol. Ora krasa wis jam rolas bengi. Walah wis kewengen. Aku lali yen

mau pamit karo ibu, mulih omah jam sewelas. Nanging iki wis telat sak jam. Durung mlakune. Bisa luwih iki. Mbuh piye mengko dadine yen aku wis tekan ngomah. Mungkin ibu bakal muring-muring jalaran aku mulih kewengen.

29. Ringkesan paragraf ing dhuwur kang trep yaiku

- A. Konsere lekas jam wolu rampung jam 10.
- B. Aku lan kanca-kanca lunjak-lunjak saking senenge ngrongokane swarane musik band sing lagi nyanyi ing ndhuwur panggung.
- C. Aku lan kanca-kanca banjur leren mangan ing warung karo ngobrol-ngobrol.
- D. Minggu bengi, aku dolan nonton konser musik ing alun-alun karo kanca-kancaku cah papat, Dono, Joko, Andi lan Mardi.

Gatekna geguritan ing ngisor iki !

Bocah Cilik Kae

Dening Turiyo Ragil Putra

Bocah cilik sing nyapu latar kae
Sapa ngerti mbesuk tembe thukuk etare
Mabur dhuwur nganglang langit numpak mega-mega
Andom lelana sinambi methaki lintang kartika

30. Gancaran geguritan ing dhuwur kang trep yaiku

- A. Bocah cilik sing kae, Sapa ngerti mbesuk ing tembe mburine dadi bocah bodo. Dadi wong kang kepenak uripe. Ambagi crita urip lan kabecikan marang wong liya.
- B. Bocah cilik sing lagi nyapu latar kae, Sapa ngerti mbesuk ing tembe mburine dadi bocah pinter. Dadi wong kang susah uripe. Ambagi crita urip lan kabecikan marang wong liya.
- C. Bocah cilik sing lagi nyapu latar kae, Sapa ngerti mbesuk ing tembe mburine dadi bocah pinter. Dadi wong kang kepenak uripe. Ambagi crita urip lan kabecikan marang wong liya.
- D. Bocah cilik sing lagi nyapu latar kae, Sapa ngerti mbesuk ing tembe mburine dadi bocah kesed. Dadi wong kang kepenak rekasa. Ambagi crita urip lan kabecikan marang wong liya.

31.



dhuwur yaiku

sesaji ing acara Sedhekah Laut.

- B. Saben tanggal 1 Sura ing tlatah Kraton Surakarta ngawontenaken ritual jamas pusaka
- C. Prosesi Ruwatan Agung tutup suran iki digelar ing kuta Boyolali.
- D. Rakyat derek bela sungkawa wontene salah setunggaling kaluarga keraton ingkang seda.
32. Hafiza . . . latar wektu sore.
Tembung kang trep kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku
- A. sapu
- B. nyapu
- C. sapuni
- D. bersih
33. Ibu tindak dhateng griyane eyang.
Ukara ing dhuwur kang ora trep karo unggah-ungguh basa yaiku
- A. tindak
- B. griyane
- C. dhateng
- D. eyang
34. Bapak tindhak kantor *numpak* motor .
Ukara kang kecetak miring ing dhuwur supaya trep karo unggah-ungguh basa diganti
- A. nitih
- B. nunggang
- C. nganggo
- D. mbonceng
35. Sampeyan mau apa wis dahar?
Ukara ing dhuwur yen di gawe krama alus yaiku
- A. Kowe mau apa ws dahar?
- B. Sampeyan mau apa wis maem?
- C. Panjenengan wau punapa sampun dahar?
- D. Panjenengan mau apa sampun dahar?

II. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

36. Ing dina Senin, tanggal 1 Februari ana kecelakaan tunggal ing Jl. Jendral Soedirman. Korbane yaiku Sita lan ibune. Sita lan Ibune saiki dirawat ing rumah sakit amarga tatu ing tangan lan sikile banjur ora isa mlaku. Sita lan ibune kecelakaan akibat motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mlebu kali sebelah kidul dalan.
Sita lan Ibune kecelakaan disebabake
- Wangsulan : _____

37. Kula atur piweling dhumateng adhi-adhi kula kelas setunggal dumugi gangsal. Inggih punika supados mbangun turut dhumateng sedaya dhawuh lan awisanipun bapak ibu guru. Ugi kula suwun nglajengaken pakarti ingkang sae lan tansah sengkud sinau, satemah dados lare ingkang saged njunjung drajading bangsa lan nagari.

Topik perangan sesorah ing dhuwur yaiku

Wangsulan : _____

38. ?ap+ ij+ tuku [roti. yen ditulis aksara latin yaiku

Wangsulan :

39. Kinanthi

Padha gulangen ing kalbu
Ing sasmitaamrih lantip
Aja pijer mangan nendra
Kaprawiran den kaesthi
Pasunen sariranira
Sudanen dhahar lan guling

Pesene tembang kinanthi ing dhuwur ngandharake

Wangsulan :

40. Gatekna wacan iki !

Wektu liburan akhir tahun, kulo dateng tempat rekreasi jenenge Golaga. Golaga iku wonten tlatah Karangreja Purbalingga. Kulo mengkono karo keluarga, bapak ibu karo adik, kulo kalih keluarga nitih mobil menyang Golaga. Akeh banget pengalaman sing kulo dapet dateng mriko. Kulo raos seneng banget. Kaanane rame banget wektu aku lan keluarga rekreasi ing Golaga.

Ringkesen wacan ing dhuwur yaiku

Wangsulan :



**KUNCI JAWABAN PENILAIAN AKHIR TAHUN
KELAS 6 TAHUN PELAJARAN 2020/2021
BAHASA JAWA**

I.

1. A	8. D	15.D	22.A	29.D
2. C	9. B	16.B	23.A	30.C
3. D	10.B	17.D	24.B	31.C
4. B	11.C	18.C	25.C	32.B
5. A	12.A	19.C	26.A	33.B
6.A	13.C	20.A	27.D	34.A
7. D	14.B	21.D	28.B	35.C

II

36. Amarga motore ibune Sita nabrak wates dalan lan mebu kali sebelah kidul dalan.
37. piweling dumateng adhi kelas supados mbangun turut dhumateng sedaya dhawuh lan awisanipun bapak ibu guru.
38. Hafiza tuku roti
39. ndawuhi supaya nglatih atine
40. Wektu liburan akhir tahun, kulo dateng tempat rekreasi jenenge Golaga. Golaga iku wonten tlatah Karangreja Purbalingga. (**kebijakaan guru**)

panduan edit soal ber aksara jawa

28. Diah menyang pasar.

Ukara ing nduwur yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku

- A. ꦭꦶꦩꦶꦁꦥꦱꦫ
- B. ꦭꦶꦩꦶꦁꦥꦱꦫ
- C. ꦭꦶꦩꦶꦁꦥꦱꦫ
- D. ꦭꦶꦩꦶꦁꦥꦱꦫ

38. ꦧꦸꦁꦭꦶꦩꦶꦁꦥꦱꦫ yen ditulis aksara latin yaiku

Wangsulan :
